

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Bilingual nyaéta kamampuh ngagunakeun dua basa. Bilingual téh ngabalukarkeun pacampurna basa dina komunikasi. Pacampurna basa nu aya biasana basa Indonesia jeung basa daerah boh sabalikna. Tapi teu saeutik ogé kapanggih pacampurna basa daerah jeung basa deungeun boh sabalikna. Proses pacampurna basa téh ngabalukarkeun ayana istilah campur kode.

Campur kode muncul dina situasi nalika ayana kontak dua basa dina hiji basa nu keur dipaké ku panyatur. Nurutkeun Rokhman (dina Ulfiyani, 2003) nétélakeun yén campur kode nyaéta fénoména pacampurna hiji unsur basa ka basa nu séjén. Ayana campur kode bisa ditingali nalika panyatur basa Sunda nyampurkeun basa Sunda jeung basa séjén nalika paguneman. Ngawewegan pamadegan Rokhman, Chaer & Agustina, (2019) nétélakeun yén campur kode téh nyaéta proses pacampurna kode utama jeung kode nu lain, nu mana kode nu lain ieu teu miboga fungsi. Cindekna, campur kode nyaéta proses pacampurna dua basa kana hiji basa nu keur dipaké ku panyatur.

Suandi (dina Juariah spk; 2020) nétélakeun campur kode kabagi jadi tilu, nyaéta campur kode ka jero, campur kode ka luar jeung campur kode campuran. Dumasar wujudna, Suwito (dina Dahniar spk., 2023) nétélakeun yén wujud campur kode kabagi jadi lima jenis nyaéta 1) campur kode kecap, 2) campur kode frasa, 3) campur kode baster, 4) campur kode klausa, 5) campur kode rajekan jeung 6) campur kode idiom atawa pakéman basa.

Salian ti campur kode, aya ogé alih kode. Alih kode lain hal nu ahéng pikeun masarakat nu miboga kamampuh ngawasa dua basa atawa bilingual. Rokhman (dina Juariah spk; 2020) nétélakeun yén alih kode nyaéta robahna hiji kode ka kode nu séjén lantaran robahna situasi. Ohoiwutun (dina Susmita, 2015) nétélakeun yén alih kode nyaéta gantina hiji basa atawa lentong. Nurutkeun Kunjana (dina

Mustikawati, 2015) nétélakeun yén alih kode téh kabagi jadi dua nyaéta alih kode ka jero (*intern code switching*) jeung alih kode ka luar (*external code switching*).

Ayana alih kode jeung campur kode lain dina paguneman sapopoé hungkul, tapi kapanggih dina rupa-rupa karya seni ogé. Salah sahiji karya seni nu katingali aya campur kode jeung alih kode nyaéta dina pilem. Nugraha (dina Zachra, 2024) nétélakeun yén pilem téh nyaéta salah sahiji media komunikasi modern dina wangun audio visual nu sifatna kompleks sarta miboga udagan pikeun sarana hiburan masarakat. Pilem ogé bisa jadi eunteung kahirupan masarakat (Rahima & Tayana, 2019).

Jaman kiwari pilem nu aya henteu maké basa Indonesia hungkul tapi diadumaniskeun ogé jeung basa daerah dina pagunemanna. Basa daerah nu mindeng dipaké diantarana nyaéta basa Jawa jeung basa Sunda. Pilem nu ngadumaniskeun basa Indonesia jeung basa Jawa diantarana nyaéta pilem *Yowis Ben* sedengkeun pilem nu ngadumaniskeun basa Indonesia jeung basa sunda dina pagunemanna nyaéta pilem *Gampang Cuan*.

Gampang Cuan nyaéta salah sahiji pilem nu medal 16 Nopémber 2023. Ieu pilem disutradaraan ku Rahabi Mandra. Pamaén dina ieu pilem nyaéta Vino G. Bastian salaku Sultan, Anya Geraldine salaku Bilqis, Dimas Danang salaku Evan jeung Miriam Belina salaku Mamah Diah. Ieu pilem nyaritakeun kahirupan kulawarga Sultan (Vino G. Bastian) nu keur ngarandapan masalah *finansial*.

Salila tayang di bioskop, pilem *Gampang Cuan* geus ditongton ku 770 rébu panongton. Salian tayang di Indonesia, ieu pilem gé ditayangakeun di Malaysia, Singapura jeung Brunei Darussalam. Pilem *Gampang Cuan* ogé dilélér jadi pilem drama komedi panglobana ditongton salila taun 2023. Salian éta, ieu pilem gé asup nominasi pikeun *penulis skenario terbaik* dina festival film bandung. Miriam Belina salaku Mamah Diah dina ieu pilem gé asup nominasi pikeun *pemeran pembantu wanita terpuji* dina festival film bandung. Kitu deui Dimas Danang salaku Evan gé asup nominasi pikeun *pemeran pembantu pria terpuji* dina festival film bandung. Ieu pilem hadé pikeun ditalungtik lantaran dina ieu pilem ngagunakeun basa Sunda

dina paguneman unggal tokohna tapi loba kénéh basa nu kamalayan. Salian ti éta, ieu pilem gé miboga galur jeung amanat nu penting pikeun kahirupan manusa.

Ieu panalungtikan téh lain panalungtikan munggaran nu ngaguar alih kode jeung campur kode. Saméméhna géus aya nu nalungtik ngeunaan campur kode jeung alih kode diantaran nyaéta “Campur Kode dina Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas VIII SMPN 1 Lembang” (Dian Astriani, 2013) dina éta panalungtikan medar wanda jeung wujud campur kode sarta faktor-faktor nu ngabalukarkeun ayana campur kode. Salian éta aya panalungtikan nu judulna “Campur Kode dina Siaran Béntang Parahyangan Bandung Tv” (Nisa Siti Zakiyah, 2014) dina éta panalungtikan baris medar ngeunaan wanda tur wujud campur kode nu aya dina acara Béntang Parahyangan édisi bulan Oktober 2013. Aya ogé panalungtikan nu judulna “Campur Kode dina Akun *Twitter* Mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI” (Aditia Solehudin, 2015) dina éta panalugtikan ngaguar warna jeung wujud campur kode dina 15 akun *twitter* mahasiswa departemen pendidikan basa daerah. Nu panganyarna aya panalungtikan nu judulna “Campur Kode dina Rumpaka Kawih Asep Balon (Ulikan Sociolinguistik)” (Chatur Prasetyo Aji, 2024) dina éta panalungtikan ngaguar ngeunaan wanda tur wujud campur kode sarta faktor nu ngabalukarkeun ayana campur kode dina rumpaka kawih Asep Balon. Panalungtikan nu rék dilaksanakeun ku panyusun miboga sasauraan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta sarura papada nalungtik ngeunaan campur kode dina basa Sunda. Tapi, ieu panalungtikan ieu gé aya bedana jeung panalungtikan saméméhna utamana dina objek panalungtikanna. Objek dina ieu panalungtikan nyaéta paguneman unggal palaku dina pilem *Gampang Cuan*

Ieu panalungtikan baris ngaguar masalah kabahasaan nu kasampak dina paguneman nu aya dina pilem *Gampang Cuan* hususna campur kode jeung alih kode ku kituna udagan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngawewegan élmu pangaweruh pikeun masarakat Sunda umumna pikeun masarakat balaréa. Ku kituna ieu panalungtikan dijudulan “Alih Kode jeung Campur Kode dina Pilem *Gampang Cuan*”.

1.2 Rumusan Masalah

Sangkan pedaran dina ieu panalungtikan teu lega teuing, panyusun ngarumuskeun masalah kayaning ieu di handap:

- a. naon wae campur kode nu aya dina pilem *Gampang Cuan*?
- b. naon wae alih kode nu aya dina pilem *Gampang Cuan*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan teu sagawayah dilaksanakeun. Tangtuna waé ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus. Sacara gembleng ieu tujuan pikeun maluruh jeung nganalisis alih kode jeung campur kode nu aya dina pilem *Gampang Cuan*.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus nyaéta tujuan nu udaganna pikeun ngajawab rumusan masalah. Ku kituna, ieu panalungtikan téh miboga tujuan husus pikeun ngadeskripsikeun:

- a. campur kode nu aya dina pilem *Gampang Cuan*.
- b. alih kode nu aya dina pilem *Gampang Cuan*.

1.4 Manfaat Panalungtikan

1.4.1 Manfaat Tioritis

Kalawan tioritis, ieu panalungtikan téh miboga manfaat pikeun référénsi panalungtikan kahareupna. Salian ti éta, dipiharep ieu panalungtikan téh bisa ngeuyeuban dina widang sosiolinguistik hususna alih kode jeung campur kode.

1.4.2 Manfaat Praktis

Manfaat praktis dina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. Jadi pangalaman tur ngeuyeuban pangawéruh dina widang sosiolinguistik hususna alih kode jeung campur kode pikeun panyusun
- b. pikeun panalungtik kahareupna, jadi referensi nu bisa dimekarkeun deui jadi ilmu pangawéruh jeung jadi referensi dina panalungtikanana.
- c. pikeun masarakat, jadi ilmu pangawéruh ngéunaan ayana masalah campur kode jeung alih kode.

1.5 Ambahan Panalungtikan

Bab I Bubuka, ngadeskripsikeun kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung ambahan panalungtikan.

Bab II Tilikan Pustaka, baris dipedar ngeunaan sawatara tiori nu nyampak dina ieu panalungtikan, medar leuwih jero perkara alih kode, campur kode, pilem, sawatara panalungtikan nu kungsi dilaksanakeun saméméhna, katut raraga mikir dina ieu panalungtikan.

Bab III Padika Panalungtikan, baris dipedar ngeunaan desain panalungtikan kaasup jenis panalungtikan, teknik ngumpulkeun data, data jeung sumber data sarta tehnik analisis data nu dipaké dina ieu panalungtikan.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, baris dipedar ngeunaan hasil panalungtikan sagemblengna, diantarana nyaéta data nu kapanggih nu tuluy diolah tur dianalisis luyu jeung rumusan masalah nu aya. Data nu geus diolah tur dianalisis éta tuluy dipatalikeun jeung tiori atawa panalungtikan saméméhna.

Bab V Kacindekan jeung Saran, baris dipedar kacindekan tina sakumna hasil panalungtikan nu kapanggih. Salian ti éta, dina ieu bab téh baris dipedar ngeunaan saran ti panyusun nu ditepikeun pikeun pamaca sangkan panalungtikan satuluyna bisa leuwih hadé.